



KISA JESYON SWEN KWONIK LA YE?

Si w gen Medicare oswa ou elijib doub fwa (pou Medicare ak Medicaid) epi w ap viv avèk de oswa plis maladi kwonik k ap deteryore kalite lavi w epi k ap mete sante w an danje, sèvis jesyon swen kwonik (chronic care management, CCM) ka ede w ak sa, konsa w ap ka pase plis tan nan fè sa w renmen fè. Men plizyè egzanj nan maladi kwonik sa yo—men li pa sa yo sèlman—atrit, kansè, depresyon, dyabèt ak tansyon wo. Sèvis yo ka gen ladan yo:



Omwen 20 minit chak mwa pou swen kowòdinasyon nan men yon pwofesyonèl swen sante an deyò vizit ki fèt an pèsòn nan klinik yo, swa nan telefòn swa swa pa mwayen aksè ak yon pòtay elektwonik pou pasyan ki sekirize



Asistans pèsonalize nan men yon pwofesyonèl swen sante ki devwe ki pral travay avè w yon fason pou kreye plan swen w lan



Kowòdinasyon swen ant famasi, espesyalis, sant egzamen, lopital ak anpil lòt ankò



aksè ak ijans 24/24, 7/7 nan men yon pwofesyonèl swen sante ki kalifye ak asistans nan men yon ekspè pou w fikse ak atenn objektif sante ou yo

KI AVANTAJ CCM?

CCM pèmèt ou jere sante w pi byen epi konsakre plis tan sou sante w pandan l ap ede w travay pou w atenn objektif konsènan sante w ak kalite lavi w. CCM ka ede w pou w pa al nan depatman ijans lan, pou w pa tonbe oswa pou w pa agrave eta sante w.

Swen kowòdone vle di w ap resevwa atansyon pèsònèl ak èd nan men yon founisè ou konnen epi ki konnen pwoblèm sante w yo epi k ap ede w rete an sante. W ap resevwa yon plan swen konplè ki pou sipòte objektif ou yo, ansanm avèk kominikasyon ak soutyen, resous, sèvis kominotè ak lòt enfòmasyon edikatif pi souvan ant vizit yo.



KISA YO EGZIJE POU W PATISIPE NAN CCM?

Antanke yon patisipan nan CCM, ou dwe bay konsantman ekri oswa oral pou asire w ou enplike nan plan swen w lan epi w konnen tout depans pataje ki aplikab yo. W ap bezwen bay konsantman eklere a sèlman yon sèl fwa sof si w ap chanje pratisyen CCM, epi ou ka anile enskripsyon w lan nan sèvis CCM yo nenpòt lè depi w pale sa ak founisè swen sante w la.

Ou dwe konnen tou se sèlman yon sèl pratisyen swen sante ak/oswa lopital ki ka bay sèvis CCM yo chak mwa.

Pale ak founisè w la sou sèvis CCM yo ak sou kouvèti asirans ou an. Règ abityèl pou depans pataje yo aplikab pou sèvis CCM yo, konsa ou ka responsab pou depans pataje abityèl Pati B Medicare la (dediktib ak kopèman/ko-asirans) si w pa gen asirans siplemantè oswa global. Pifò moun ki elijib doub fwa yo pa konsène nan kesyon depans pataje yo. Plan Medigap yo bay kouvèti asirans global pou depans pataje CCM yo epi gen anpil moun ki gen Medigap oswa lòt asirans siplemantè.

Pou plis enfòmasyon, vizite: [go.CMS.gov/ccm](https://www.cms.gov/ccm)